

**01. Tembúng Ngoko - Krámå Madyå - Krámå Inggil  
Pérangané Awak**

No.	Ngoko	Kramå Madyå	Kramå Inggil
01.	alís	alís	imbå
02.	ati	manah	(pêng) galih
03.	awak	badan	salirá
04.	balúng	balung	tosan
05.	bangkèkan	bangkèkan	pamèkan
06.	bathúk	bathúk	palarapan
07.	bókóng	bokong	bocong
08.	brêngos	brêngos	gumbålå, rawis
09.	cangkêm	cangkêm	tutuk
10.	cêngêl	cêngêl	griwå
11.	dhådha	dhådha	jåjå
12.	dhêngkul	dhêngkul	jengku
13.	dlamakan	dlamakan	samparan
14.	driji	driji	racikan
15.	êmbun-êmbunan	êmbun-êmbunan	pasundhulan
16.	êndhas	sirah	muståkå
17.	èpèk-èpèk	èpèk-èpèk	tapak astå
18.	gêgêr	gêgêr	pêngkêran
19.	gêlung	gêlung	ukêl
20.	gêtih	rah	rah
21.	githok	githók	julukan
22.	gulu	gulu	jangga
23.	idép	idep	ibíng
24.	idu	idu	kêcoh
25.	igå	igå	unusan
26.	ilat	ilat	lidhah
27.	irung	irung	grana
28.	janggút	janggút	kèthèkan,adhêgan
29.	jénggot	jénggot	gumbala
30.	kémpol	kémpol	wêngkêlan
31.	kringêt	kringêt	riwé
32.	kuku	kuku	kênåkå
33.	kupíng	kupíng	talingan
34.	lambé	lambé	lathi
35.	luh	luh	waspå
36.	måtå	mripat	paningal, socå
37.	pipi	pipi	pangarasan
38.	pundhak	pundhak	pamidhangan

39.	pupu	pupu	wêntís
40.	rai	rai	pasuryan
41.	rambút	rambút	rémâ, ríkmâ
42.	riyak	riyak	jlagrå
43.	sikíl	suku	ampéyan
44.	susu	susu	prêmbayún
45.	suwârá	swantên	swantên
46.	tangan	tangan	astâ
47.	umbêl	umbêl	gadhíng
48.	untu	untu	wâjá
49.	uyúh	toyan	turas
50.	wêtêng	wêtêng	padharan
51.	wudêl	wudêl	tuntunan

**02. Tembung Ngoko - Krama Madya - Krama Inggil**  
**Tembung Liyane Aksara A - D**

No.	Ngoko	KrâmaMadyâ	Krâma Inggil
<b>A</b>			
01.	abang	abrít	abrít
02.	adhi	adhi	rayi
03.	adêg	ngadêg	jumênêng
04.	adóh	têbíh	tebíh
05.	adús	adús	siram
06.	ajang	ajang	ambêng
07.	aku	kulâ	kawulâ,dalêm
08.	ambúng	ambúng	aras
09.	amít	amít	kulânuwun,
10.	anak	yogâ	putrá
11.	anak-anak	anak-anak	peputrá
12.	anggo	anggé	agêm
13.	aran	nâma	asmâ
14.	arêp	ajêng, badhé	kêrsâ
15.	(pêm)-barêp	pêmbajêng	pêmbajêng
16.	asu	sêgawon	sêgawon
17.	awèh	nyukani	maringi
18.	ayo	manggâ	sumanggâ
19.	é	ník	pún
<b>B</b>			
01.	bali	mantúk	kúndúr
02.	bantal	bantal	kajang sirah

03.	banyu	toyå	toyå
04.	bapak	bapak	råmå
05.	batúr	récang	abdi
06.	bêbêd	bêbêd	nyamping
07.	bébék	kambangan	kambangan
08.	bênêr	lêrês	kasinggihan
09.	bêras	uwós	uwós
10.	biyèn	riyín	rumiyin
11.	bojo	sémah	garwå
12.	borèh	borèh	kónyóh
13.	buri	wingkíng	pêngkêran
14.	buwang	bucal	kêndhang
15.	bêbuwang	bêbucal	bóbótan
16.	buyar	rampúng	rampúng
<b>C</b>			
01.	carità	cariyós	cariyós
02.	caturan	wicantên	ngendikå
03.	cawis	cawís	caós
04.	cêkêl	cêpêng	astå
05.	cèlèng	andhapan	andhapan
06.	céwok	cawík	cawík
07.	clathu	wicantên	ngvndikå
08.	cucúl	cucúl	lukar
09.	cukúr	cukúr	paras, pangkas
10.	cundhúk	cundhúk	sangsangan
<b>D</b>			
01.	dadi	dadós	dadós
02.	dalan	radinan	margi
03.	dandan	dandós	busånå
04.	dêlêng	ningali	mriksani
05.	dhéwé	piyambak	piyambak
06.	dhuwít	yatrå	artå
07.	dudu	sanès	sanès
08.	doyan	purún	kerså
09.	dolan	dolan	amêng-amêng
10.	dulang	ndulang	ndhahari
11.	durúng	dêrêng	dèrèng
12.	duwé	gadhadh	kagungan

**03. Tembung Ngoko - Krámá Madyá - Krámá Inggil**  
**Tembung liyane Aksara E - K**

No.	Ngoko	Krámá Madyá	Krámá Inggil
<b>E</b>			
01.	éling	éling	émút, ãngêt
02.	êmbah	êmbah	éyang
03.	êmbuh	kirangan	ngapuntên
04.	êndhêm	mêndhêm	wuni
05.	êndi	pundi	pundi
06.	êntèni	êntosi	rantosi
07.	ênyang	awís	awís
08.	êpèk	pêndhêt	pundhút
09.	ésuk	énjÍng	énjÍng
<b>I</b>			
01.	ikêt	ikêt	dêstar
02.	iki	niki	punikå
03.	ilang	ical	ical
04.	imbúh	imbêt	tandúk
05.	inêp	nyipêng	nyaré
06.	irêng	cêmêng	cêmêng
07.	ngiringakên	ngiringakên	ndhèrèkakên
08.	iså	sagêd	sagêd
09.	isín	isín	lingsêm
10.	iwak	ulam	ulam
11.	iyå	inggÍh	sêndikå
<b>J</b>			
01.	jågå	jagi	rêkså
02.	jago	sawúng	sawúng
03.	jalúk	nêdi	nyuwún
04.	jamu	jampi	lólóh
05.	jaran	jaran	titihan
06.	jarít	sinjang	nyamping
07.	jenat	jênat	swargi
08.	jerúk	jêram	jêram
09.	jisím	jisím	layón
10.	jogèd	jogèd	bêkså
11.	jungkat	sêrat	pêthat

12.	jupúk	pêndhêt	pundhút
<b>K</b>			
01.	kabèh	sêdâyâ	sêdantên
02.	kâcâmâtâ	kâcâmripat	kâcâtingal
03.	kagèt	kagèt	kêjót
04.	kakang	kakang	râkâ
05.	kalúng	kalúng	sangsangan
06.	kanggo	kanggé	kagêm
07.	kândhâ	sanjang	ngêndika
08.	kathók	kathók	lancingan
09.	katúr	katúr	konjúk
10.	kayu	kajêng	kajêng
11.	kêbo	maésâ	maésâ
12.	kêlambi	rasukan	agêman
13.	kêlúd	kêlud	samparan
14.	kêmbang	sêkar	sêkar
15.	kêmbên	kêmbên	kêsêmêkan
16.	kémúl	kêmul	singêp
17.	kêrís	dhuwúng	wangkingan
18.	kijíng	kijíng	sêkaran
19.	kirâ	kintên	kintên
20.	kóngkón	kèngkèn	utús
21.	kowé	sampéyan	pênjênêngan
22.	kramas	kramas	jamas
23.	krâsâ	kraós	kraós
24.	krungu	kêpirêng	midhangêt
25.	dikubúr	dipêtak	disarèkaké
26.	kuburan	kuburan	pasaréyan
27.	kurang	kirang	kirang
28.	kuwat	kiyat	kiyat
29.	kuwi	niku	punikâ

**04. Tembung Ngoko - Krámâ Madyâ - Krámâ Inggil  
Tembung Liyane Aksara L - P**

No.	Ngoko	Krámâ Madyâ	Krámâ Inggil
<b>L</b>			
01.	labúh	labêt	labêt
02.	lagi	sawêg	nêmbé
03.	laír	lair	miyós

04.	lali	supé	kalimêngan
05.	lanang	jalêr	kakúng
06.	lâra	sakít	gêrah, gêring
07.	larang	awís	awís
08.	layang	sêrat	nawâlâ
09.	lemah	siti	siti
10.	lêmu	lêma	lêma
11.	liwat	langkúng	langkúng
12.	lungâ	késah	tindak
13.	lêlungan	kêkésahan	pêparan
14.	lunggúh	lênggah	pinarak
<b>M</b>			
01.	mâcâ	mâcâ	maós
02.	macan	macan	simó
03.	malíng	maling	pandúng
04.	mambu	mambêt	nggânda
05.	manak	nglairakên	mbabar
06.	mangan	nêdhâ	dhahar
07.	mangkat	bidhal	tindak, jengkar
08.	marang	dhatêng	dhatêng
09.	mati	pêjah	sedâ, surúd
10.	mayít	mayít	layón
11.	mêlèk	mêlèk	wungu
12.	mèlu	tumút	ndhèrèk
13.	mènèhi	nyukani	maringi, nyaósi
14.	mênjangan	sangsam	sangsam
15.	menyang	dhatêng	dhatêng
16.	mêtu	mêdal	miyós
17.	mikir	manah	nggalíh
18.	minggat	minggat	lólós
19.	mlaku	mlampah	tindak
20.	mudhún	mandhap	mandhap
21.	mulang	mucal	mucal
22.	mulíh	mantuk	kúndúr
23.	muni	mungêl	mungêl
24.	murah	mirah	mirah
<b>N</b>			
01.	nandúr	nanêm	nanêm
02.	nangís	nangís, mular	muwún
03.	nêpsu	nêpsu	duka
04.	nóm	nèm	timúr

05.	nunggang	numpak	nitíh
06.	ngadêg	ngadêg	jumênêng
07.	ngaggo	nganggé	ngagêm
08.	ngarêp	ngajêng	ngarsâ
09.	ngaso	kèndêl	kèndêl
10.	ngêlu	ngêlu	puyêng
11.	ngèngèr	ngèngèr	ngabdi
12.	ngêntèni	ngêntosi	ngrantós
13.	ngimpi	ngimpi	nyupêna
14.	ngirím	ngintun	ngintún
15.	ngisíng	bebanyu	bóbótan
16.	ngombé	nginum	ngunjúk
17.	ngóngkón	ngèngkèn	ngutús ngaturi
18.	nguyúh	toyan	turas
19.	nyambút gawé	nyambut damêl	ngastâ damêl
20.	nyêkêl	nyêpêng	ngastâ
21.	nyilíh	nyambut	ngampíl
22.	nyrêngêni	nyrêngêni	ndukani
23.	nyritani	nyriyosi	nyriyósi

## O

01.	ómbó	wiyar	wiyar
02.	obat	jampi	usâdá
03.	olèh	angsal	pikantuk, kêparêng
04.	ómpóng	ómpóng	dhaút
05.	ora	bótèn	bótèn

## P

01.	pâdhâ	sami	sami
02.	padusan	padusan	pasiraman
03.	paidón	paidón	kêcohan
04.	panas	bêntèr	bêntèr
05.	pangan	têdhan	dhaharan
06.	pangilón	pangilón	paningalan
07.	paturón	patilêman	pasaréyan
08.	payúng	payúng	sóngsóng
09.	peéan	pétan	ulík
10.	pikír	manah	penggalíh
11.	pilís	pilís	blónyóh
12.	pitík	ayam	ayam
13.	prau	kapal	baitâ
14.	pupak	pupak	dhaút
15.	pupúr	pupúr	tasík

16.	putih	pêthak	pêthak
17.	putu	putu	wayah

**05. Tembung Ngoko - Krámå Madyå - Krámå Inggil**  
**Tembung liyane Aksara R - Y**

No.	Ngoko	Krámå Madyå	Krámå Inggil
<b>R</b>			
01.	rabi	émah êmah	krámå
02.	rådå	radi	radi
03.	råså	raós	raós
04.	råtå	radin	radin
05.	raúp	raúp	suryan
06.	rekåså	rêkaos	rekaós
07.	rupå	warni	warni
08.	rusak	risak	risak
<b>S</b>			
01.	sabúk	sabúk	pêningsêt
02.	sadêla	sêkêdhap	sêkêdhap
03.	sadulúr	sadhèrèk	sadhèrèk
04.	salín	gantós	gantós
05.	sandhangan	panganggé	pangagêm
06.	sapi	lêmbu	lêmbu
07.	sapíh	sapíh	pêgêng
08.	sapu	sapu	samparan
09.	sêga	sêkul	sêkul
10.	sêgára	sêgantên	sêgantên
11.	selír	selír	ampil, ampéyan
12.	sendhók	séndhok	lantaran
13.	silíh	sambút	ampil
14.	slamêt	wilujêng	sugêng
15.	suwé	dangu	dangu
<b>T</b>			
01.	takón	takèn	ndangu
02.	tandang gawé	nyambut damêl	ngastå damel
03.	tåndhå tangan	tåndhå tangan	tapak astå
04.	tandúr	tanêm	tanem
05.	tangi	tangi	wungu



06.	tapihan	tapihan	nyampingan
07.	têka	dugi, dhatêng	rawúh
08.	têkên	têkên	lantaran
09.	têtak, sunat	têtak, sunat	supít
10.	tiba	dhawah	dhawah
11.	tilík	tuwi	tuwi
12.	tuku	tumbas	mundhut
13.	turah	tirah	tirah
14.	туру	tilêm	saré, néndrá
15.	turún	turún	têdhak

### 06. Tembung Basa Kawi A - L

#### A

agni = gêni agrá = pucúk ajar = pandhitá aji = ratu, rájá akásá = awang awang aldáká = gunung ambá = aku, ingsun ambeg = sipat ancálá = gunung andáká = bantheng anggá = awak anggung = tansah angkárá = lobá	apsárá = déwá asurá = butá ardi = gunung argá = gunung arís = alon, sarèh arká = srêngéngée arsa = arep asthá = wólu asthi = gajah atmá = anak atmajá = anak aywá = ájá
---	--

#### B

badhámá = gaman bádará = rembulan bantálá = lêmah baruná = sêgára basuki = slamêt bathára = déwá bayu = angín	biráwá = gagah brámá = gêni bramantyá = nêsu brangtá = kasmaran bogá = pangan bomantára = langít
---	---

#### C

cáká = rodhá candhálá = daksiyá cándrá = rêmbulan caráká = utusan catúr = papat	cidrá = durjáná ciptá = ngarang citrá = gambaran culiká = durjáná
---	--

<b>D</b>	
dahånå = gêni danåwå = butå dhandhang = gagak dhadhu = abang dhatulåyå = kratón dåså = sepuluh datan = ora dwipånggå = gajah dirgantårå = awang2 dityå = butå diyu = butå	dhingín = dhisík driyå = ati dúk = nalikå dúksinå = kidul (n)dulu = ndêlêng dutå = utusan dwi = loro dwijå = guru dhúhkitå = susah dumadi = uríp
<b>E</b>	
ekå = siji eksi = måtå erawati = blêdhèg	érnåwå = sêgårå ésa = tunggal èsti = karêp
<b>G</b>	
gahånå = jurang gapurå = lawang agúng gåtå = laku gåtrå = baris gegånå = awang-awang giri = gunung	gitå = kêmbang gung = gêdhé gúntúr = jugrúg gúrnitå = gludhúg gurúh = blêdhèg gyå = énggal
<b>I</b>	
ibå = gajah imå = mégå imålåyå = gunung	inå = asór indriyå = karêp ingsún = aku
<b>J</b>	
jålå = banyu jålådårå = mendhúng jaladri = sêgårå jalanidhi = sêgårå jalu = lanang jalmå = wóng	jawåtå = déwå jarwå = têngês jåyå = mênang jênar = kuníng juwitå = wanitå
<b>K</b>	
kadyå = kåyå kågå = manúk kalbu = ati kalokå = kesuwúr	karyå = gawé kayún = karêp kencånå = êmas kéring = kiwå

kalpikå = ali - ali kalyånå = linuwih kapti = têngên kapiyarså = karêp kardi = kêprungu kartå = aman kartikå = lintang	kintåkå = layang kismå = lêmah kresnå = irêng kukilå = manúk kuncårå = misuwúr kusumå = kêmbang kuwåwå = kuwat
--	--

### L

lalis = mati lampús = mati langkíng = irêng lastri = bêngi layu = mati lêbda = pintêr léna = mati	lír = kâyå lóh jinawi = subúr lokå = jagad ludirå = getih luhúr = mubyå lumaksånå = mlaku
---	--

## 07. Tembung Basa Kawi M - Y

### M

madyå = têngah makaryå = nyambút gawe mamèh = golèk mami = aku mandhala = bumi manggala = panggêdhé manjing = mlebu margå = dalan margånå = panah martå = sabar marutå = angín	mijíl = mêtú minå = iwak mitrå = kancå miyarså = krungu mudhå = ênom mulat = wêrúh muróni = ngêndêmi murdå = sirah musnå = ilang muståkå = sirah
--	---

### N

nålå = ati nalendrå = prabu narmådå = kali naryå = ratu nåtå = ratu nawålå = layang nendrå = turu	netrå = mripat nimpunå = pintêr nulådå = niru nuswa = pulo obar abir = kilat orêm = sêsambat
---	---

<b>P</b>	
<p>pabaran = papêrangan  pâdâ = sikíl  palagan = papêrangan  palastrâ = mati  palupi = tulâdhâ  pêmbayun = pêmbarep  pamulu = praèn  panca = limâ  pâncâkâra = pêrang  panti = omah  pangaksâmâ = pangapurâ  pangastuti = sêmban  pangupâjîwâ = panguripan  pârâmartâ = luhúr  patrâ = gedhóng</p>	<p>pawiyatan = sêkolah  payudârâ = susu  pindhâ = kâyâ  pitâ = kuning  pradânggâ = gamêlan  prâjâ = nêgârâ  pralâyâ = mati, rusak  pramukâ = panggêdhé  praptâ = tekâ  pratâlâ = lemah  pratiwi = bumi  prawirâ = kendel  priyânggâ = dhéwé  purnâ = ganep, bubar  puspitâ = kêmbang</p>
<b>R</b>	
<p>radyan = radèn  rahayu = slamêt  râgâ = awak  ratri = bêngi,  rawi = srêngéngé</p>	<p>rektâ = abang  rênâ = ibu  riptâ = ngarang  rogâ = lârà  rukmi = êmas</p>
<b>S</b>	
<p>saekâ prâyâ = rukún  sah = pisah  sakti = digdâyâ  samirânâ = angin  samodrâ = sêgârâ  samyâ = pâdhâ  sânâ = panggonan  sanggraha = cawisan  sardulâ = macan  sarirâ = badan  sarpâ = ula  sasânâ = papan  sasângkâ = rêmbulan  sasmitâ = tândhâ  sastrâ = tulis  sâtâ = satús  sato = kéwan</p>	<p>sinudarsânâ = ditiru  sirâ = kowé  sirná = ilang  siswâ = murid  sitorêsmi = rembulan  siwi = anak  socâ = mripat  sopanâ = dalan  sonâ = asu  soóg = payúng  sotyâ = intèn  sudarmâ = bapak  sudarsânâ = conto  sudirâ = digdâyâ  sumbâgâ = misuwúr  sungkâwâ = susah  sunu = anak</p>

sawegó = sêdiyâ séta = putíh sigrâ = gelís sila = patrap	surâ = wani suryâ = srêngéngé sutâ = anak swéda = kringêt
<b>T</b>	
tan = ora tanâyâ = anak taru = wít tarunâ = ênóm tinón = katón	tirtâ = banyu tлити = turún trusta = sênêng turânggâ = jaran tyas = ati
<b>U</b>	
udrâsâ = tangís adyânâ = taman upâyâ = golêk upiksâ = wêruh	usâdâ = tâmbâ utâmâ = bêcík utârâ = lór
<b>W</b>	
wacânâ = caturan waluyâ = waras wânâ = alas wanârâ = kêthèk wandâwâ = kadang wardâyâ = ati waríh = banyu warsâ = taun wasânâ = pungkasan waskitâ = awas waspâ = lúh wastrâ = sandhangan wé = banyu wibâwâ = luhúr wibi = ibu	wicârâ = gunêman widyâ = kawruh, pintêr wíl = butâ wilís = ijo wimbâ = wêtu wirâ = prajurit winursita = dicritakaké wismâ = omah wisudâ = angkat wiyati = awang-awang wredhâ = tuwa wreksâ = kayu wukír = gunúng wuntat = buri wuyúng = kasmaran
<b>Y</b>	
yânâ = krétâ yâsâ = gawé yayah = bapak yêkti = bènêr yitnâ = ngati-ati	yogâ = anak yogyâ = bêcík yudâ = pêrang yuwânâ = slamêt ywâ = âjâ

## 08. Paribasan A - D

### A

- 1) Adhang-adhang tètèsé êmbún.  
Njagakaké barang mung sak olèh olèhé.
- 2) Adigang, adigúng, adigunå  
Ngèndêlaké kakuwatané, kaluhurané lan kapintêrané
- 3) Aji gódhóng garíng.  
Wis ora ånå ajiné/asór banget
- 4) Ånå catúr mungkúr.  
Ora gelem ngrungókaké rêrasan kang ora bêcik
- 5) Ånå daulaté ora ånå bêgjané.  
Arep nêmu kabêgjan, ning ora sidå.
- 6) Ånå gulå ånå sêmut.  
Panggonan síng akèh rêjêkiné, mêsti akèh sing nêkani.
- 7) Anak polah bâpå kêpradah.  
Tingkah polahé anak dadi tanggungané wóng tuwå.
- 8) Anggênthóng umós.  
Wóng kang ora biså nyimpen wêwadi.
- 9) Angón mångså.  
Golèk waktu kang prayogó kanggo tumindak.
- 10) Angón ulat ngumbar tangan.  
Ngulataké kaanan yèn limpé banjur dicólóng.
- 11) Arêp jamuré êmoh watangé.  
Gêlêm kêpenaké ora gêlêm rêkasané.
- 12) Asu rêbutan balúng.  
Rebutan barang kang sêpélé.
- 13) Asu bêlang kalúng wang.  
Wóng asór nangíng sugíh.
- 14) Asu gêdhé mênang kêrahé.  
Wóng kang dhuwúr pangkaté, mêsthi baé luwih gêdhé panguwasané
- 15) Asu marani gebúk.  
Njarag marani bêbaya.
- 16) Ati béngkong olèh óncóng.  
Wóng duwé niat ålå oléh dalan.

### B

- 1) Bålådéwå ilang gapité.  
Ilang kakuwatané/kaluhurané.
- 2) Banyu pinêrang ora bakal pêdhót.  
Pasulayané sêdulur ora bakal medhótake pasêdulurane.

- 3) Bathang lélaku.  
Lunga ijèn ngambah panggonan kang mbêbayani.
- 4) Blâbâ wudâ.  
Saking lomane nganti awake dhéwé ora kéduman.
- 5) Bèbèk mungsuh mliwís.  
Wóng pintêr mungsuh pàdhâ wóng pintêr.
- 6) Bècík kêtítík âlà kêtârà.  
Bècik lan âlà bakal kêtârà ing têmbé mburiné.
- 7) Bêlo mèlu sêton.  
Manút grubyúk ora ngêrti karêpé.
- 8) Bêras wutah arang bali mênayang takêré.  
Barang kang wís owah ora bakal bali kaya mauné.
- 9) mBidhúng api rowang.  
Ethók-éthók nulúng nanging sêjatiné arêp ngrusuhi.
- 10) Blilu tau pintêr durúng nglakoni.  
Wóng bodho nanging sêring nglakóni, luwih pintêr karo wóng pintêr nanging durung tau nglakóni.
- 11) Bubuk olèh lèng.  
Wóng duwé niat âlà olèh dalan.
- 12) Búng príng petúng.  
Bocah kang lónggór (gêlis gêdhé).
- 13) Buntêl kadút, ora kinang ora udút.  
Wóng nyambút gawe bórongan ora olèh mangan lan udut / rokok.
- 14) mBuru ucêng kélangan dhêlêg.  
Mburu barang sêpélé malah kélangan barang kang luwih gêdhé.
- 15) Busúk kêtékúk, pintêr kêblingêr.  
Síng bodho lan síng pintêr pàdhâ nêmu cilâkâ.

## C

- 1) Carang canthèl.  
Ora diajak gunêman nanging mèlu-mèlu ngrêmbug.
- 2) Car-cór kâyâ kurang janganan.  
Ngómóng cêplas-cêplós ora dipikir dhisik.
- 3) Cathók gawèl.  
Sênêng cawé cawé mêsthi ora diajak gunêman.
- 4) Céból nggayúh lintang.  
Kêkarêpan kang mokal bakal kélakón.
- 5) Cêcak nguntal cagak.  
Gêgayuhan kang ora imbang kekuwatan.
- 6) Cêdhak cèlèng boloté.  
Cêdhak karo wong âlà bakal katut âlà.
- 7) Cêdhak kêbo gupak.  
Cêdhak karo wong âlà bakal katut âlà.

- 8) Ciri wanci lélai ginawa mati.  
Pakulinan ála ora bisá diowahi yèn durung nganti mati.
- 9) Cincing-cincing mêksa klêbus.  
Karêp ngirid nanging malah êntèk akèh.
- 10) Criwis cawís.  
Sênêng maido nanging yó sênêng mènèhi/muruki.
- 11) Cuplak andhêng - andhêng yèn ora pèrnah panggonan bakal disingkiraké.  
Wóng kang njalari ála bêcík disingkiraké.

## D

- 1) Dadiyá banyu emóh nyawuk, dadiyá gódhóng emóh nyuwèk, dadiyá sukêt emóh nyènggút.  
Wis ora gélêm nyanak / sápa arúh.
- 2) Dahwèn ati opèn.  
Nacad nangíng mbênêrake wong liya.
- 3) Dhandhang diunèkaké kuntúl, kuntúl diunèkaké dhandhang.  
Ála diunèkaké bêcí, bêcík diunèkake ála.
- 4) Désá máwa cârà, negára máwa tátá.  
Sabèn panggonan duwé cârà utáwa adat dhéwé dhéwé.
- 5) Dhêmit ora ndulít, sétan ora doyan.  
Tansah diparingi slamêt ora ána kang ngrusuhi.
- 6) Digarókake dilukókake.  
Dikóngkón nyambút gawe abót.
- 7) Didhadhungá medhót, dipalangána mlumpat.  
Wóng kang kèncêng karêpé, ora kêná dipènggah manèh.
- 8) Diwènèhi ati ngrógóh rêmpêla.  
Wis diwènèhi sêthithík, malah njaluk kang akèh.
- 9) Dóm sumurup ing banyu.  
Laku sêsindhêman kanggo mêruhi wêwadi.
- 10) Dudu sanak dudu kadang, yèn mati mèlu kélangan.  
Sênajan wóng liya nèk nêmoni rêkasa bakal dibélani.
- 11) Duká yayah sanipi, jájá bang mawingá wingá.  
Wóng kang nêsu banget.
- 12) Dudutan lan anculan.  
Pádhá kèthikan, síng siji éthok-éthok ora ngêrti.
- 13) Durúng ilang pupak lêmputyangé.  
Wóng kang dianggêp bocah cilík durung ngêrti ápa-ápa.
- 14) Durúng pécus kêsêlak bêsús.  
Durúng sêmbada nanging kêpingín síng ora-ora.



## 09. Paribasan E - K

### E

- 1) Éman éman ora keduman.  
Karêp éman malah awaké dhéwé ora kéduman.
- 2) Êmban cindé êmban siladan.  
Pilíh kasíh ora adíl.
- 3) Êmbat êmbat cêlarat.  
Wóng nyambút gawé kanthi ngati-ati bangêt.
- 4) Êmprít abuntút bêdhúg.  
Pêrkara síng mauné sêpélé dadi gêdhé.
- 5) Êndhas gundhúl dikêpêti - Wís kêpénak ditambahi kêpénak manèh.
- 6) Êndhas péthak kêtiban êmpyak.  
Wóng kang bola-bali nêmu cilaka.
- 7) Ênggon wêlut didoli udhèt.  
Panggoné wóng pintêr dipamèri kapintêran síng ora sêpirowâ.
- 8) Êntèk ngamèk kurang golèk.  
Olèhé, ngunèni/nyênèni sakatogé.
- 9) Êntèk jaraké.  
Wís êntèk kasugihané.
- 10) Ésuk dhêlé soré témpé.  
Wóng kang ora têtêp atiné (méncla - ménclé).

### G

- 1) Gagak nganggo lar mêtak.  
Wóng asór (cilík) tumindak kaya wóng luhúr (gêdhé).
- 2) Gajah alingan sukêt têki.  
Laír lan batine ora pãdhã, mêtsti bakal kêtãrã.
- 3) (ng) Gajah êlar.  
Sarwã gêdhé lan dhuwur kêkarêpané.
- 4) Gajah ngidak rapah.  
Nrajang wêwalêr dhéwé.
- 5) Gajah pêrang karo gajah, kancíl mati ing têngah.  
Wóng gêdhe kang pãdhã pasulayan, wóng cilík síng dadi korban.
- 6) Garang garíng.  
Wóng sêmugíh nangíng sêjatiné kêkurangan.
- 7) Gawé luwangan nggo ngurugi luwangan.  
Golèk utangan kanggo nyaúr utang síng dhisík.
- 8) Gayúk-gayúk tuna, nggayúh nggayúh lupút.  
Samubarang kang dikarêpaké ora bisa kêturutan.
- 9) Gliyak-gliyak tumindak, sarèh pakolèh.

Sênajan alon-alon anggoné tumindak, nangíng bisa kalêksanan kêkarêpané.

- 10) Golèk banyu bêníng.  
Mêguru golèk kawruh síng bêcík.
- 11) Golèk-golèk kêtêmu wóng lurus-luru.  
Karêpe arêp golèk utangan malah diutangi (dijaluki utang).
- 12) Gupak puluté ora mangan nangkané.  
Mèlu rêkasa nangíng ora mèlu ngrasakaké kêpénak.
- 13) Idu didilat manèh.  
Murungaké janji síng wís diucapaké.
- 14) Iwak lumêbu wuwu.  
Wóng kêna apus kanthi gampang.

## J

- 1) (n)Jagakaké êndhógé si blórok.  
Njagakaké barang kang durung mêsti anã lan orané.
- 2) (n)Jajah désa milang kori.  
Lêlungan mênayang êndi-êndi.
- 3) Jalmã angkãrã mati murkã.  
Nemoni cilãkã jalaran angkãrã murkané.
- 4) (n)Jalukan ora wèwèhan.  
Sênêng njaluk ora gèlêm mènèhi.
- 5) Jati kêtlusupan ruyúng.  
Kumpulané wóng bêcik klêbon wóng ålå.
- 6) Jaran kêrubuhan êmpyak.  
Wóng wís kanji (kapók) bangêt.
- 7) Jarít lawas ing sampiran.  
Duwé kapintêran nangíng ora digunakaké.
- 8) Jêr basuki mãwã béa.  
Samubarang gêgayuhan mbutuhaké wragat.
- 9) (n)Jujú muwúl.  
Prakãrã kang nambah-nambahi rêkãså.
- 10) (n)Junjú ngêntêbaké.  
Ngalêmbana nangíng duwe niat ngasoraké.

## K

- 1) Kacang ora ninggal lanjutan.  
Kabiasané anak niru wóng tuwané.
- 2) Kadang konang.  
Gèlêm ngakóni sêdulur mung karo síng sugíh.
- 3) Kalah cacak mênang cacak.  
Samubarang pênggawéyan luwíh bêcík dicoba dhisík bisã lan orané.

- 4) Kandhang langít, bantal ombak, kêmul mégå.  
Wóng síng ora duwé papan panggonan
- 5) Katé pang ngrangsang gunung.  
Kagédhen karêp/panjângkâ mokal bisâ kelakón.
- 6) Katón kâya cempâkâ sawakúl.  
Tansah disênêngi wóng akèh.
- 7) Kâya banyu karo lêngâ.  
Wóng kang ora bisa rukún.
- 8) Kakèhan gludhúg kurang udan.  
Akèh omongé ora âná nyatané.
- 9) Kêbanjiran sêgâra madu.  
Nêmu kabêgjan kang gêdhé bangêt.
- 10) Kêbat kliwat, gancang pincang.  
Tumindak kêsusu mêsthi ora kêbênêran.
- 11) Kêbo bulé mati sétra - Wóng pintêr níng ora âná síng  
mêrlókaké.
- 12) Kebo ilang tómbók kandhang.  
Wís kélangan ngêtokaké wragat manèh kanggo nggoleki  
malah ora kêtêmu pisan.
- 13) Kêbo kabótan sungu.  
Rêkâsâ mergâ kakèhan anak.
- 14) Kêbo lumumpat ing palang.  
Ngadili prakâra ora nganggo watón.
- 15) Kêbo mulih menyang kandhangé.  
Wóng lunga adóh bali mênyang omah manèh.
- 16) Kêbo nusu gudèl.  
Wóng tuwa jalúk wurúk wóng ênóm.
- 17) Kêgêdhèn êmpyak kurang cagak.  
Kêgêdhèn kakêrêpan nangíng kurang sêmbada.
- 18) Kajugrugan gunung mênyan.  
Olèh kabêgjan kang gêdhé bangêt.
- 19) Kêkudhúng welulang macan.  
Ngapusi nggawé jênêng wóng kang diwêdèni.
- 20) Kêlacak kêpathak.  
Ora bisa mungkir, jalaran wís kabuktèn.
- 21) Kêna iwaké âjá nganti buthêg banyuné.  
Síng dikarêpaké kêlakon níng âjá nganti gawée rusak/ramé.
- 22) Kêncana katon wingka.  
Sênajan apík nangíng ora disênêngi
- 23) Kêndèl ngringkêl, dhadhag ora godak.  
Ngaku kêndèl tur pintêr jêbu1 jirih tur bodho.
- 24) Kênès ora èthès.  
Wóng sugih umúk nangíng bodho.
- 25) Kêplók ora tómbók.  
Wóng sênêngané maido thók, ora gèlêm mélu cawé-cawé.
- 26) Kéré mungguh balé.

- Batúr dipèk bojo karo bendarané
- 27) Kéré nêmoni malêm.  
Wóng kang bêdhighasan / sêrakah.
  - 28) Kêrot ora duwé untu.  
Duwé kekarêpan níng ora duwé bandha/wragat.
  - 29) Kêrubuhan gunung.  
Wóng nêmoni kêsusahan síng gêdhé bangêt.
  - 30) Kêsandhúng ing râtå, kêbêntus ing tawang.  
Oleh cilåå síng ora dinyånå nyånå.
  - 31) Kêtula-tula kêtali.  
Wóng kang tansah nandhang sêngsara.
  - 32) Kêthèk saranggón.  
Kumpulan wóng kang tindak åå.
  - 33) Kléyang kabúr kanginan, ora sanak ora kadang.  
Wóng síng ora duwé panggónan utåwå omah síng têtêp.
  - 34) Klénthíng wadah masin.  
Angèl ninggalaké pakulinan tumindak åå.
  - 35) Kongsi jambúl wanên.  
Nganti tumêkan tuwå bangêt.
  - 36) Krókót ing galêng.  
Wóng kang mlarat banget.
  - 37) Kriwikan dadi grójógan.  
Prakårå kang maune cilík dadi gêdhé.
  - 38) Kumênthus ora pêcús.  
Sênêng umúk nanging ora sêmbada.
  - 39) Kurúng munggah lumbúng.  
Wóng asór/cilík didadèkaké wóng gêdhé.
  - 40) Kuthúk nggéndhóng kêmiri.  
Manganggo kang sarwå apík/aji liwat dalan kang mbêbayani.
  - 41) Kutúk marani sundúk ulå marani gêpúk.  
Njarag marani bebåya.
  - 42) Kuncúng nganti têmêka gêlúng.  
Suwe bangêt anggoné ngêntèni.
  - 43) Ladak kêcangklak.  
Wóng kang angkúh nêmoni pakéwúh margå tumindaké dhéwé.
  - 44) Lahang karóban manís.  
Rupané bagús/ayu túr luhúr bêbudèné.
  - 45) Lambé satumang kari sêmêrang.  
Dituturi bola-bali mêksa ora digugu.
  - 46) Lanang kêmangi.  
Wóng lanang kang jirèh.
  - 47) Lêgan golèk mómóngan.  
Wís kêpénak malah golèk rêkasa.
  - 48) Lumpuh ngideri jagad.

Duwe kekarapan kang mokal keturutan.

## 10. Paribasan M - O

### M

- 1) Maju tatu mundúr ajúr.  
Prakàrà kang sarwà pakéwúh.
- 2) Matang tunâ numbak luput.  
Tansah lupút kabèh panggayuhané.
- 3) Mbuang tilas.  
Éthok-éthok ora ngèrti marang tumindaké kang àlà síng lagi dilakoni.
- 4) Mênêng widàrà ulêran.  
Katón antêng nanging sêjatiné ala atiné.
- 5) Mântung kojâ kêna sêmbaginé.  
Rumangsané ngapusi, nangíng sêjatiné malah kêna apus.
- 6) Mêrangi tatal.  
Mêntahi rêmbug kang wís matêng.
- 7) Mikúl dhuwúr mên dhêm jêro.  
Bisâ njunjung drajat wóng tuwâ.
- 8) Milíh-milíh têbu olèh bolèng.  
Kakèhan milíh, wêkasan olèh kang ora bêcik.
- 9) Mrójól sêlaning garu.  
Wóng kang lupút sákâ bêbâyâ.
- 10) Mubra-mubru mblabar madu.  
Wóng síng sarwâ kêcukupan.

### N

- 1) Nabók nyilih tangan.  
Tumindak àlà kanthi kóngkónan wóng liyâ.
- 2) Ngagar mêtú kawúl.  
Ngójók-ngójóki supâyâ dadi pasulayan, nanging síng diójók-ójóki ora mêmpan.
- 3) Ngajari bèbèk nglangi.  
Pênggawéyan síng ora ànâ paédahé.
- 4) Ngalasake negàrà.  
Wóng síng ora manut pranatan negàrà.
- 5) Ngalem lêgining gulâ.  
Ngalemânâ kapintêran wóng kang pancèn pintêr/sugíh.
- 6) Ngaturake kidang lumayu.  
Ngaturaké barang kang wis ora ànâ.
- 7) Nglungguhi klàsâ gumelar.  
Nindakaké panggawéyan kang wis tumâtâ.

- 8) Ngóntragaké gunúng.  
Wóng cilík asór bisá ngalahaké wóng luhúr/gêdhé, nganti gawé kagèt wóng akèh.
- 9) Nguthik-uthik macan dhédhé.  
Njarag wóng kang wís lilíh nêpsuné.
- 10) Nguyahi segårå.  
Wèwèh marang wóng sugíh kang ora ånå pituwasé.
- 11) Nucúk ngibêraké.  
Wís disuguhi mangan mulíh isíh mbrêkat.
- 12) Nututi layangan pêdhót.  
Nggolèki barang sêpélé síng wis ilang.
- 13) Nyangóni kawula minggat.  
Ndandani barang kang tansah rusak.
- 14) Nyólóng pêthèk.  
Tansah mlèsèt såkå pamèthèke/pambatang.

## O

- 1) Obah ngarep kobèt mburi.  
Tumindaké panggêdhé dadi contoné/panutané kawula alít.
- 2) Ópór bèbèk, méntas awaké dhèwèk.  
Rampung såkå rékadayané dhéwé.
- 3) Ora ånå banyu mili menduwúr.  
Wataké anak biasané niru wóng tuwané.
- 4) Ora ånå kukús tanpå geni.  
Ora ånå akibat tanpå sebab
- 5) Ora gonjà ora unús.  
Wóng kang ålå rupane ugå atine.
- 6) Ora mambu énthóng irús.  
Dudu sanak dudu kadang.
- 7) Ora tembúng ora tawúng.  
Njupúk barange liyan tanpå kåndhá dhisík.
- 8) Ora uwúr ora sêmbúr.  
Ora gèlêm cawé-cawée babar pisan.
- 9) Ora kinang ora udút.  
Ora mangan åpå-åpå.
- 10) Othak athik didudút angèl.  
Gunêmé sajak kêpéanak, barêng ditêmêni jêbul angèl.

## 11. Paribasan P - Y

### P

- 1) Palang mangan tandúr.  
Diwènèhi kepercayaan nangíng malah gawé kapitunan.

- 2) Pandêngan karo srêngéngé.  
Mêmungsuhan karo panguwâså.
- 3) Panditanê antaké.  
Lairé katon suci batine âlå.
- 4) Pêcrúk tunggu bârå.  
Dipasrahi barang kang dadi kêsenêngané.
- 5) Pitík tróndhól diumbar ing padaringan.  
Wóng âlå dipasrahi barang kang aji, wêkasan malah ngêntèk-êntèki.
- 6) Pupúr sadurung benjút.  
Ngati-ati mumpúng durung cilaka.

## R

- 1) Rampèk rampèk kèthèk.  
Nyêdhak- nyêdhak múng arêp gawé kapitunan.
- 2) Rawé-rawé rantas, malang-malang putung.  
Samubarang kang ngalang alangi bakal disingkiraké.
- 3) Rêbút balúng tanpa isi.  
Pasulayan mêrga barang kang sêpèlè.
- 4) Rindík asu digitík.  
Dikóngkón nindakaké(pênggawéyan kang cócók karo kêkarêpané.
- 5) Rupå nggéndóng rêgå.  
Margå barang apík mulå rêgané yå larang.
- 6) Rukún agawé santoså, crah agawé bubrah.  
Yèn padhå rukún mêsti padhå santoså, yèn pådhå congkrah mêsti bakal bubrah rusak.

## S

- 1) Sabar sarèh mêsti bakal pikolèh.  
Tumindak samubarang åjå kesusu.
- 2) Sabâyå pati, sabâyå mukti.  
Kerukunan kang nganti tekan pati.
- 3) Sadumúk bathúk, sanyari bumi.  
Pasulayan nganti dilabuhi tekan pati.
- 4) Sandhíng kebo gupak.  
Cedhak wóng tumindak âlå, biså-biså katut âlå.
- 5) Satru mungging cangklakan.  
Mungsuh wóng kang isih sanak sadulur.
- 6) Sêdhakêp awé-awé.  
Wís ninggalake tumindak âlå, nanging ing batín isih kepingín nglakoni manèh.

- 7) Sêmbúr-sêmbúr adús, siram-siram bayêm.  
Bisa kalêksanan margâ olèh pandongané wong akèh.
- 8) Sêpi ing pamrih, ramé ing gawé.  
Nindakaké panggawéyan kanthi ora duwé kamélikan âpâ-âpâ.
- 9) Síng sâpâ salah bakal sèlèh.  
Sâpâ síng salah bakal konangan.
- 10) Sluman slumun slamêt.  
Sênajan kurang ngati-ati. nangíng isíh diparingi slamêt.
- 11) Sumúr lumaku tinimba, góng lumaku tinabúh.  
Wóng kang kumudu-kudu dijaluhi piwulang/ditakóni.

## T

- 1) Tebu tuwúh socane.  
Prakârá kang wis apík, bubrah margâ ânâ kang durung mêtthi salah lan bènêré.
- 2) Téga larané ora téga patiné.  
Sênadyan négakake rêkasané, nangíg isíh mènèhi pitulungan.
- 3) Tèkèk mati ing ulóné.  
Nêmóni cilâkâ margâ sâkâ gunêmé dhéwé.
- 4) Timun jinârá.  
Prakârá gampang bangêt.
- 5) Timun mungsuh durèn.  
Wóng cilík mungsúh panguwâsâ, mêtthi kalah.
- 6) Timún wungkúk jaga imbúh.  
Wóng bodho kanggone múng yèn kêkurangan baé.
- 7) Tinggal glanggang cólong playu.  
Ninggalaké papan pasulayan.
- 8) Tulúng mênthúng.  
Katóné nulungi, jêbulé malah ngrusuhi.
- 9) Tumbak cucukan.  
Wóng síng sênêng adu-adu.
- 10) Tuna sathak bathi sanak.  
Rugi bândhâ, nangíng bathi pasaduluran.
- 11) Tunggak jarak mrajak, tunggak jati mati.  
Prakârá âlá ngâmbraâ âmbraâ, prakârá becik kari sathithík.
- 12) Tembang rawat-rawat, ujare mbók bakul sunambiwârá.  
Khabar kang durung mêtthi salah lan bènêré.

## U

- 1) Ucul sâkâ kudangan.  
Luput karo gêgayuhané.



- 2) Ulat madhêp ati mantêb.  
Wís mantêb bangêt kêkarêpané.
- 3) Undaking pawartâ, sudaning kiriman.  
Biasané pawartâ iku bédâ karo kanyatakané.
- 4) Ungak-ungak pager arang.  
Ngisin isini.
- 5) Welas tanpå alis.  
Karêpé wêlas nangíng malah gawé kapitunan.
- 6) Wís kêbak sundukané.  
Wís akèh bangêt kaluputané.
- 7) Wiwít kuncúng nganti gélúng.  
Wiwít cilík nganti gêdhé/tuwâ.

## Y

- 1) Yitnâ yuwânâ mati inâ.  
Síng ngati-ati bakal slamêt, síng sêmbrânâ bakal cilâkâ.
- 2) Yiyidan mungging rampadan.  
Biyèné wóng dúrjânâ/culikâ, saiki dadi wóng síng alím.
- 3) Yogâ anyanggâ yogi.  
Murid nirókaké piwulangé guru.
- 4) Yuwânâ mati lenâ.  
Wóng bêcik olèh cilâkâ, margâ kurang ati-ati.
- 5) Yuyu rumpúng mbaróng róngé.  
Omahé magróng-magróng nanging sêjatiné mlarat.

## 12. Candraning Manungsa

01.	alisé	nanggal sêpisan
02.	astané	nggêndhéwa
03.	athi-athiné	ngudhup turi
04.	awaké	rampíng
05.	bangkèkané	nawon kêmit
06.	bathuké	nyêla cendhani
07.	bókóngé	manjang ngilang
08.	bréngosé	nglalêr ménclók
09.	bréngosé	ngulêr kèkèt
10.	cahyané	sumunu/sumunar
11.	cahyané	ngalêntrih
12.	drijiné	mucuk êri
13.	godhègé	simbar rumêmbun
14.	guluné	ngêlung gadhúng
15.	guluné	ngolan-olan

16.	èsémé	kaya madu
17.	èsémé	pahít madu
18.	idêpé	tumênga ing tawang
19.	irungé	kêencana pinatar
20.	irungé	mbangír
21.	irungé	ngudhúp mlathi
22.	kémpólé	ngêmbang pudhak
23.	kémpólé	nyikíl walang
24.	lakuné	macan luwé
25.	lakuné	magêr timun
26.	lèmbèhané	mblarak sêmpal
27.	lambéné	manggís karêngat
28.	lambéné	nggula satêmlík
29.	lêngéné	nggandhéwa pinênthang
30.	mripaté	blalak-blalak
31.	mripaté	ndamar kanginan
32.	nétrané	liyêp alindri
33.	pakulitané	ngulit langsêp
34.	pakulitané	irêng manís
35.	pamuluné	ambênglé kiris
36.	pamuluné	prada binabar
37.	pawakané	gagah pidêgsa
38.	pawakané	ramping
39.	pipiné	ndurèn sajuring
40.	polatané	ruruh jatmika
41.	praèné	sumunar
42.	pundhaké	nraju êmas
43.	rambuté	ngandhan-andhan
44.	rambuté	ngêmbang bakúng
45.	sinómé	micís wuncah
46.	sinómé	mbibís mabúr
47.	slirané	sidhêt singsêt
48.	solahé	mêrak ati
49.	susuné	nyêngkir gadhing
50.	swarané	ngombak banyu
51.	tangané	nggandhewa pinenthang
52.	tungkaké	bunder lir jinångká
53.	ulaté	sumèh/sumunar
54.	untuné	miji timún
55.	untuné	ngêlar kombang
56.	wangé	ngungkal gênang
57.	wangé	nyangkal putúng
58.	wataké	andhap asór
59.	wêntisé	mukang gangsír
60.	wêntisé	ndamèn mêtêng

**13 Araning Tetanduran**  
**Araning Wit - Godhong - Kembang - Pentil - Woh - Isi**

**Araning Wít**

01. wít arèn	ruyúng
02. wít gêdhang	debóg
03. wít jagúng	tebón
04. wít jambê	pucang
05. wít kacang	rèndèng
06. wít kapúk	randhu
07. wít krambíl	glugu
08. wít mlinjo	so, bégo
09. wít pari	damèn
10. wít póhóng	bónggól
11. wít príng ênóm	búng
12. wít príng tuwá	bungkilan
13. wít siwalan	tal, bógór
14. wít téla	lúng

**Araning Godhong**

01. gódhóng arèn	dliring
02. gódhóng asêm	sinom
03. gódhóng cócór bèbèk	tibå urip
04. gódhóng dhadhap	tawá
05. gódhóng gêdhang ènóm	pupús
06. gódhóng gêdhang tuwá	ujungan
07. gódhóng gêdhang garíng	klaras
08. gódhóng gêbang	kajang
09. gódhóng jambé	pracat, dèdèl
10. gódhóng jarak	blêdhèg
11. gódhóng jarak kêbo	lomah-lamèh
12. gódhóng jati	jómpóng
13. gódhóng kacang bról	rèndèng
14. gódhóng kacang lanjaran	lêmbayung
15. gódhóng katès	gamplèng
16. gódhóng kêcipír	cêthèthèt
17. gódhóng kélór	limaran
18. gódhóng kêmladhéyan	kumudá
19. gódhóng kluwíh	kléyang
20. gódhóng krambíl enom	janúr
21. gódhóng krambíl tuwá	blarak
22. gódhóng lêmpuyang	liríh
23. gódhóng lómbók	sabrang
24. gódhóng mlinjo	êso
25. gódhóng pari	damèn
26. gódhóng príng	êlarmanyurá

27. gódhóng randhu	bảlảdewả
28. gódhóng siwalan	lontar
29. gódhóng talês (kimpúl)	lumbu
30. gódhóng têbu têlês	mómól
31. gódhóng têbu garíng	rapak
32. gódhóng téla	jlegór
33. gódhóng turi	pethúk
34. gódhóng walúh	lomah-lamèh
35. gódhóng widảrả putíh	trawas
36. gódhóng wuni	mojar

### Araníng Kêmbang

01. kêmbang arèn	dangu
02. kêmbang blimbíng	mảyả
03. kêmbang blutru	móntró
04. kembang cèngkèh	pólóng
05. kêmbang cubúng	tóróng
06. kêmbang dhadhap	cêlung
07. kembang durèn	dlóngóp
08. kêmbang ganyóng	puspảnyidrả
09. kêmbang garút	gramêng
10. kêmbang gêbang	krandhíng
11. kêmbang gêdhang	óntóng (túntút)
12. kêmbang gêmabili	sênêng
13. kembang jagúng	sinuwún
14. kêmbang jambé	mayang
15. kêmbang jambu	karúk
16. kêmbang jarak	juwís
17. kêmbang jati	jangglèng
18. kêmbang jéngkól	kêcuwís
19. kêmbang kacang	bêsêngut, bundhêl
20. kêmbang kanthil	gadhíng
21. kêmbang kapas	kadi
22. kêmbang kảrả	kèpèk
23. kêmbang kecipír	cêthèthèt
24. kêmbang kelór	limaran
25. kêmbang kêmlandhingan	jêdhidhíng
26. kêmbang kêncúr	sêdhèt
27. kêmbang talês (kimpúl)	pancal
28. kêmbang kluwíh	onthèl
29. kêmbang kopi	blanggrèng
30. kêmbang krambíl	manggar
31. kêmbang krókót	naknik
32. kêmbang lamtảrả	jêdhidhíng
33. kêmbang lómbók	mêník
34. kêmbang mlinjo (so)	ucêng (kroto)

35. kêmbang nangkå	angkúp
36. kêmbang nipah	dóngóng
37. kêmbang pandhan	pudhak
38. kêmbang pacé	nyrêwèntèh
39. kêmbang pêté	pêndul
40. kêmbang pohong (téla)	ingklík
41. kêmbang príng	krosak
42. kêmbang randhu	karúk
43. kêmbang salak	kêthèkèr
44. kêmbang surúh	drèngès
45. kêmbang talês (kimpúl)	pancal
46. kêmbang têbu	glagah (glêgês)
47. kêmbang timún	móntró
48. kêmbang widårå putíh	rêjasa
<b>Araning Pêntil</b>	
01. pêntíl asêm	cêmpaluk
02. pêntíl jagúng	jantên
03. pêntíl jambé	blèbèr
04. pêntíl jambu	karúk
05. pêntíl kacang	bêsêngút
06. pêntíl krambíl	blulúk, cêngkir
07. pêntíl manggís	blibar
08. pêntíl nangkå	babal, gori
09. pêntíl pêlêm	pêncit
10. pêntíl randhu	plêncing
11. pêntíl sêmangka	plonco
12. pêntíl so/mlijnjo	kroto
13. pêntíl timún	sêrit
<b>Araning Wóh</b>	
01. wóh arèn	kolang-kalíng
02. wóh bêngkawang	bêsusu
03. wóh cêngkèh	pólóng
04. wóh gêbang	krandhing
05. wóh gêmibili	katak
06. wóh jati	jangglêng
07. wóh kanthil	gandhèk
08. wóh kélor	klénthang
09. wóh kêsambi	kêcacil
10. wóh kluwêk	pocúng
11. wóh pandhan êri	pandhågå
12. wóh so	mlijnjo
13. wóh tal	siwalan
14. wóh turi	klénthang
15. wóh uwi	katak

16. wóh widàrà putíh	anyang
<b>Araning Isi</b>	
01. isi asêm	klungsu
02. isi cipír	bótór
03. isi durèn	ponggé
04. isi jambé	jêbug
05. isi kapas	wuku
06. isi katès	trêmpós
07. isi kluwêk	pocúng
08. isi kluwíh	bêthêm
09. isi kêsambi	kêcacil
10. isi mlinjo	klathak
11. isi nangka	bêton
12. isi pêlêm	pêlók
13. isi randhu	klênthêng
14. isi salak	kenthós
15. isi sawo	kêcik
16. isi sêmangka	kuwaci

<b>14. Pepindhan</b>
<b>A</b>
01. Abang kumpul pàdhà abang - kâyâ alas kóbóng
02. Abangé - kâyâ gódhóng katirah
03. Agungé - kâyâ samodra róbb
04. Akèhé pêpati - kâyâ babadan pacíng
05. Akèhé pêpati - kâyâ sulúng lumebu gêni
06. Akèhé lêlara - kâyâ kêna pageblúk
07. Ali-aliné - nggunúng sapikúl
08. Alusé - kâyâ sutra
09. Antêngé - kâyâ têtantèn ditêtómakaké
10. Ayuné - kâyâ Dèwi Ratíh
<b>B</b>
11. Bagusé - kâyâ Bathàrà Kamâjâyâ
12. Bangoné - awangun gêdhang salirang
13. Banteré - kâyâ angin
14. Bêbêdané - ngadhal mèlèt
15. Bédané - kâyâ bumi karo langít
16. Bêgjané - kâyâ nêmu êmas sakêbo
17. Bêgjané - kâyâ nêmu cêmpaka sawakúl
18. Bungahé - kâyâ kêtiban ndaru
<b>C</b>

<p>19. Cahyané bingar - kâyâ lintang johar  20. Cahyané nglêntrih - kâyâ rêmbulan karainan  21. Cêp klakêp - kâyâ óróng-óróng kèpidak  22. Cêthilé - kâyâ cinâ craki  23. Cumlórót - kâyâ lintang alihan  24. Cumlórót - kâyâ ndaru</p>
<b>D</b>
<p>25. Dalané - nggêgêr sapi  26. Dalane - mbathók mêngkurêb  27. Dawane barisan - kâyâ séla brakithi  28. Dêdêgé - ngringin sungsang  29. Dhuwure - kâyâ othak othak méga  30. (n)Dómblong - kâyâ sapi ómpóng</p>
<b>G</b>
<p>31. Gagah prakósó - kâyâ Radèn Werkudâra  32. Galaké - kâyâ macan manak  33. Galaké - kâyâ butâ  34. Gampangé - kâyâ êmpal pinécók  35. Gêlungané - ngadhal mènèk  36. Gêlungané - minangkâra  37. Gêlís - kâyâ banyu sinaríng  38. Gêndhwané - awangun kadhal mêtêng  39. Gêrêng-gêrêng - kâyâ singâ antók bayangan</p>
<b>I</b>
<p>40. Ijo kumpúl pãdá ijo - kâyâ bèthèt sayutã  41. Irêng kumpúl pãdhã ireng - kâyâ gagak rêraton</p>
<b>J</b>
<p>42. Jangguté - pindhã tawon gumantúng  43. Jogedê - kâyâ mêrak kasimpír  44. Jogedê - mucang kanginan</p>
<b>K</b>
<p>45. Kagèté - kâyâ tinubrúk ing wóng lêpat  46. Kaku - kâyâ kêna nggo pikulan  47. Kêkêjêré - kâyâ manúk branjangan  48. Kênèsé - kâyâ Dèwi Srikandi  49. Késité - kâyâ kadhal  50. Kêpinginé - kâyâ nyidham cêmpalúk  51. Klular-klulúr - kâyâ tuma kathók  52. Kopat-kapit - kâyâ buntút ula tapak angín  53. Kuning - kâyâ êmas sinanglíng</p>

54. Kuníng kumpúl pàdhà kuníng - kàyà podhang reratón
<b>L</b>
56. Lakuné nusúp-nusúp - pindhà ayam alas 57. Landhêpé - pitúng pinyukúr 58. Lêlêwané - milangoni 59. Lír sato mungging - rimbagan 60. Luruhé - pindhà Dèwi Sembàdrà
<b>M</b>
60. Mëndhak-mëndhak - kàyà sato mèmèti 61. Midêr-midêr - kàyà undar 62. Milíng-milíng - kàyà jangkúng 63. Mlakuné mundúr - kàyà mungkúr gangsíng 64. Mlakune - ngódhók
<b>N</b>
65. Nangisé ndrêngêngêng - kàyà rasé 66. Nangisé - ngóróng-ngóróng 67. Nuturi wong pintêr - prasasat ngajari bèbèk nglangi 68. Nyêngité - kàyà dhêmít
<b>P</b>
69. Padhangé - kàyà rinà 70. Pàdhà plég - pindhà jambé sinigar 71. Panasé - kàyà mêcah-mêcahnà sirah 72. Pênggalihé pàdhà - pindhà suruh lumah lan kurêp, yèn dinulu séjé rupane, yèn ginigít pàdhà rasané 73. Pariné - gumadhúng 74. Pariné - ngêmpíng 75. Pariné - nêdhêng gumadhúng 76. Pêtêngé - ndumúk irúng 77. Pintêré - kàyà bisà njàrà langít 78. Pinteré - kàyà bisà nyancang angín 79. Pipané rókók - mênyu 80. Pipiné - kàyà tomat matêng 81. Polahé - kàyà gabah dèn interi 82. Polahé - kàyà kuthúk kélangan babón 83. Polahé - ngaru napúng 84. Polatané mbranyak - kàyà Radèn Kàkrásànà/Sàmbà 85. Putíh kumpul pàdhà putih - kàyà kúntúl nêbà 86. Putíh mêmplak - kàyà kapúk diwusóni
<b>R</b>
87. Rakêté - kàyà sadulur sinàrà wèdi



88. Raméné - lir prahâra nêmpúh wukír  
 89. Raméné surak - mbâta rubúh  
 89. Rikaté - kâya angin  
 90. Rukunê - kâya mimi lan mintunâ  
 91. Ruruhé (wóng lanang) - kâya Raden Janâka  
 92. Ruruhé (wóng wadón) - kâya Dèwi Sembâdra  
 93. Rupané kêmbâr - pindhâ jambé sinigar

## S

94. Salaké- mêdhi (masír)  
 95. Sambaté - kâya nggrantang  
 96. Sambaté - ngaru âra  
 97. Sênêngé - kâya bubúk olèh lèng  
 98. Sêntosâ bangêt - kâya jangèet kinatêlon  
 99. Sowané mên dhak-mên dhak - kâya satâ manggih krâmâ  
 100. Suguhané - mbanyu mili  
 101. Sumbaré - kâya bisâ mutung wêsi gligèn  
 102. Sumbaré - kâya wani ndilat wêsi abang  
 103. Suwèké - nyangkêm kódhók  
 104. Swarané - kâya gèlap ing mângaa kapat  
 105. Swarané - kâya mbêlah-mbêlahna bumi

## T

106. Tandangé cukat - kadyâ kilat, kesít kadya thathít  
 107. Tandangé - kâya banthèng kêtaton  
 108. Tandangé - kâya jangkrík mambu kili  
 109. Tandangé - kâya sikatan nyambêr walang  
 110. Tâpâ - ngalong; ngidang; nyantuka  
 111. Tékadé - kâya gêni lan urupé  
 112. Tékadé - kâya madu lan manis  
 113. Têpungé kalís (kêkancané) - kâya banyu karo lêngâ  
 114. Thingak-thinguk - kâya kèthèk ditulúp  
 115. Tindaké - nusúp ngayam alas  
 116. Tulisanê - awangun kêtumbar (aksâra Jáwa)

## U

117. Ulésé - ngêmbang asêm (kucíng)  
 118. Ulésé - ngêmbang durèn (jaran)  
 119. Untabé - kâya samodra rob  
 120. Utangé - nyundhúl êmpyak  
 121. Utange - turút usúk

## W

122. Wangsulané - saúr manúk  
 123. Wanguné - kâya dâra gèpak

124. Wiragané - nênanngi brátå  
 125. Wrangkané - gayaman

### 15. Sanepan

01. Abang dluwang	putih/pucêt bangêt
02. Abót kapúk	ènthèng bangêt
03. Abót mêrang sagêdhêng	ènthèng bangêt
04. Agal glepúng	lumèr bangêt
05. Aji gódhóng garíng	ora aná ajiné
06. Åmbå gódhóng kélór	ciyút bangêt
06. Antêng kitiran	polah ora karuwan
07. Arang kranjang	kêrêp bangêt
08. Arang wulu kucing	akèh bangêt
09. Arúm jamban	bangêr bangêt
10. Atós dêbóg	êmpuk bangêt
11. Bantêr keyong	alon bangêt
12. Bêning lêri	buthêg bangêt
13. Bénjo tampah	bundêr bangêt
14. Brintík linggís	lurús/kaku bangêt
15. Dhuwúr kêncúr	êndhèk bangêt
16. Gêdhe gurêm	cilik bangêt
17. Jêro tapak mêri	cêthèk bangêt
18. Kandêl kulít bawang	tipís bangêt
19. Kêdhèp têsma	jingglêng/mênthêlêng
20. Kuníng silít kwali	irêng bangêt
21. Kuru semangkå	lêmu bangêt
22. Landhêp dhêngkul	kêthúl bangêt
23. Lêgi brátåwali	pait bangêt
24. Lêmês pikulan	kaku bangêt
25. Lónjóng mimís (mlayu)	bantêr bangêt
26. Pait madu	lêgi bangêt
27. Pêrêt bêton	lunyu bangêt
28. Rêsík pécêrèn	rêgêd bangêt
29. Rindhík asu digitík	cêpêt bangêt
30. Suwé banyu sinaring	cêpêt bangêt
31. Suwé mijêt wóhing ranti	cêpêt bangêt

### 16. Tembung Entar A - Y

#### A

01. abang kupingé = nêsu bangêt  
 02. (ng)abangké kuping = gawé nêsu  
 03. abang abang lambé = ora têmênan, mung lêlamisan  
 04. abang rainê = nandhang isin (wirang)

05. adol ayu = ngêndêlake ayuné
06. adol bagús = ngêndêlake bagusé
07. adol gawé = ngatonake pênggawéyané
08. adol kringêt = nyambut gawé
09. adol kwanèn = ngêndêlake kwanèné
10. adol krungon = golèk golèk warta/kabar
11. adol séndhé = adol barang mênyang gadhèn
12. adol umbag/umuk = akèh omongé, ning ora ana nyatané
13. adus getih = tatuné nêmen bangêt
14. adus kringêt = nyambut gawé, abot bangêt
15. adus luh = nêmen anggoné nangís
16. akèh sandhungané = akèh alangané
17. âlå jênêngé = kurang dipêrcâyâ
18. âlå kandhutané = âlå wataké
19. âlå tembungé = têmbungé kasar/saru
20. alus tembungé = kêpénak dirungokaké
21. âmbâ jangkahé = bisa ikhtiyar mrana-mrana
22. apus krâmâ = dibujuki/diapusi cara alus
23. asor budiné = bêbudèné âlå
24. asor yudané = kalah
25. ati dhóndhóng = atiné âlå
26. atiné ânâ wuluné = atine âlå/dêngki

## B

01. (m)balang liríng = nglirik mripat
02. bau suku = abdi/batur
03. bau têngên = wong kang dipercâyâ
04. bêning atine = sumèh
05. (m)buang sangkal = ngilangi/mbuang apês
06. (m)bukak wadi = ngandhakaké wêwadiné
07. (m)buang tilas = nutupi tumindaké sing âlå

## C

01. cagak lèk = camilan supaya bêtah mëlèk
02. cagak urip = kanggo nyukupi kêbutuhan uripé
03. cancut taliwândâ = tandang gawé
04. cangkêm gatêl = sênêng ngrasani/nggunêm
05. cêdhak umuré = gêlis mati
06. cêpak jodhone = gêlis olèh jodho
07. cêpak rêjêkiné = gampang olèh rêjêki
08. cilik atiné = kuwatir/wêdi
09. cupêt atiné = gampang nêsu
10. cupêt budiné = ora bisa nggayúh kautaman
11. cupêt jangkahé = ora bisâ golèk sarânâ
12. cupêt nalaré = ora bisâ mikirake wêrna-wêrnâ

13. cupêt pangandêlé = ora percâyâ
<b>D</b>
01. dadi gawé = ngrépotaké 02. dâwâ-dâwâ ujâ = perkârâ kang ora uwís uwís 03. dâwâ tangane = sênêng nyólóng jupúk 04. (n)dhêdhêr kautaman = nandur kêbêcikan 05. dhuwúr atiné = gumêdhé 06. dhuwúr pangkaté = dadi wóng pangkat/panguwasané
<b>E</b>
01. êmpuk rêmbugé = gunêmé énak dirungokaké 02. êntèk atiné = kêwêdèn/kuwatir bangêt 03. ènthèng sanggané = ora rêkâsâ 04. ènthèng tangané = sênêng tandang gawé
<b>G</b>
01. (ng)gadho ati = gawé susah ati 02. gantung kêpuh = sandhangané ora tau ganti 03. (ng)gantung untu = sêlak kêpingin mangan 04. gêdhé atinée = tatag; ora kuwatir 05. gêdhé êndasé = sómbóng (kêmlungkung) 06. gêdhé ómónge = umúk ora ânâ nyatané 07. gêdhée tékadé = ora gampang pasrah 08. (ng)gêdhèkaké pulúk = ora ânâ prihatiné 09. (ng)gêgêm tangan = kêsèd nyambut gawé 10. gilig rêmbugé = rêmbugane pasti/mêsti 11. gilig tekadé = tékadé ora bakal mundúr 12. (ng)gilud kawruh = golèk ilmu kanthi mêmêng 13. golèk slamêt = ati-ati supaya, ora cilâkâ 14. golèk uríp = nyambut gawé nggo nyukupi butuhé
<b>I</b>
01. idu gêni = omongan tansah kêlakon 02. ilat mati = ora bisa ngrasakaké 03. ilang klilipé = ilang mungsuhé
<b>J</b>
01. jâkâlâra = rikâlâ nóm-é rêkâsâ 02. jêmbar dhadhané = sugih pangapurâ; sabar bangêt 03. jêmbar kawruhé = akèh ngilmuné 04. jêmbar kuburé = mlêbu swarga 05. jêmbar polatané = sumringah 06. jêmbar sêgarané = sugih pangapura; sabar 07. jêro kawruhé = akèh ngilmuné; pintêr

## 17. Tembung Entar K - W

### K

01. kådålu warså = kasèp; wis kliwat
02. kandel kulité = digdâyå; sêkti
03. kandel kupingé = ora nggugu pitutúr
04. kaku atiné = tansah ora sarujuk/sulåyå
05. kasar têmbungé = têmbung saru
06. katon dhadhané = wani adu arêp
07. kêgugah atiné = sadar/éling
08. kêlèpètan ålå = katut ålå
09. kêmbang lambé = tansah digunêm kêbêcikané
10. kakèhan tangan = kakèhan sing nyandhak
11. kêmbang uríp = lêlakone wong urip wêrna-wêrna
12. kêna tinênga-tênga = kêna disambati
13. kêncêng karêpé = kêkarêpane kudu kêturutan
14. kêncêng tékadé = tékadé ora bakal mundúr
15. kulak wartå = golèk kabar/wartå
16. kuwat drajat = cocok dadi pêmimpin/panguwåså
17. kuwat isín = mblêbês ora isinan
18. kuwat mangan = mangané akèh

### L

01. lambé tipís = criwis/akèh omongé
02. landhêp dhêngkul = kêthul bangêt
03. landhêp pikirané = pintêr bangêt; gampang ngêrti
04. lårå ati = sêrík atiné
05. lårå ayu = lårå cacar
06. lårå owah = édan; gêndhêng
07. larang pangan = pacêklík
08. lóbók atiné = sabar
09. luhúr budiné = kêlakuane bêcík/apík
10. luhúr drajaté = dadi wong pangkat/panguwåså
11. lurús lakune = jujúr
12. lumah tangan = ora gèlêm cawé-cawé
13. lunyu ilaté = gunémé méncla-ménclé

### M

01. manís èsémé = èsêm ngrêsêpakaké ati
02. manís rêmbugé = guneme nyênêngaké ati
03. mårå tangan = sênêng gawé lårå/milårå
04. mãså bodhoå = pasrah
05. mãtå dhuwitan = srakah marang dhuwít
06. mãtå loro = mangro tingal
07. matèni pangané = gawé ilang panguripané

08. matêng kawruhé = mumpuni; kawruhé wis tutúg
09. matêng rêmbugé = gunémé wís disarujuki
10. mati sandhang pangané = ilang dalané golèk panguripané
11. mati rãgã = prihatin; tãpã, tirakat
12. mêdhót dalan = ora ditêrusaké
13. métani luputé = nggolèki salahé
14. mêrês kringêt = nyambut gawé mêm pêng
15. mêrês pikir = têmênan anggona mikiraké
16. mogèl ilaté = mangan sing sarwa énak
17. mógól sinauné = ora tutúg sêkolahé
18. murang tãtã = kurang ajar, ora duwé dugã

### N

01. nandhang sungkãwã = lagi susah
02. nandur kêbêcikan = gawé kêbêcikan
03. ngadu wulêding kulít = adu kêkuwatan
04. ngangsu kawruh = golèk ngèlmu/mêguru/sekolah
05. ngatonaké siyungé = nuduhake kêkuwatané/ kuwanènè
06. ngatonake dhadhané = umúk, sumbar
07. ngêkêp dhêngkul = nganggur ora nyambut gawé
08. ngêndhalèni hãwã napsu = nyêgah kêkarêpan ãlã
09. ngêpuh kringêt = nyambut gawé mêm pêng
09. ngêmut driji = ora oleh ãpã-ãpã
10. nyolok mãtã = kêtãrã banget

### O

01. olèh ati = disênêngi
02. olèh gawé = kalêksanan
03. olèh wirang = kisinin
04. olèh lãrã = kalaran
05. ora duwé ati = kuwatir bangêt, wêedi
06. ora mêlèk = ora ngêrti
07. ora ngundhuh = ora oleh ãpã-ãpã

### P

01. padhang dalan = mlêbu swargã
02. padhang hãwã = lair ing donyã
03. padhang langité = sênêng
04. padhang pikiré = lêga sênêng
05. padhang ulaté = sumèh
06. pait gêtiré uríp = warnã-warnã lèlakoné wong uríp
07. paít lèlakoné = uríp rêkãså
08. panas atiné = nêsu bangêt
09. pêcah pamóré = wís ngancík diwãså
10. pêcah pikir = wiwít bisã golèk srãnã

11. pêdhês rêmbugé = gunêmé gawé sêrik
12. pêrih atiné = susah bangêt
13. pêtêng atiné/pikiré = susah
14. pinggêt atiné = sêrik
15. pulih gêtihe = pak-puk, ora kalah ora mênang
16. puput yuswâ = mati, sédâ

## R

01. rai gêdhèg = ora duwé isin
02. (ng)rênggâ prajâ = njâgâ negarâ
03. (ng)renggâ salirâ = dandan/macak
04. runtuh atiné = tuwuh wêlasé
05. rupak atiné = cugêtan/ora gampang ngapurâ
06. rupak jagadé = judhêg; ora bisa mrânâ-mrânâ

## S

01. sabuk gêlang = sawahé akèh bangêt
02. sêpi kawruh = bodho/ora duwé ilmu
03. sêpi pamrih = ora duwe pamrih
04. sêrêt rêjêkiné = ora gampang golèk rêjêki
05. sêsak dhadhané = mangkêl/anyêl
06. sumpêg atiné = susah/sêdih

## T

01. tadhah kâlâmangsâ = dipangan
02. tadhah udan = lirangan gêdhang sîng dhuwûr dhéwé
03. tatu atiné = sêrik bangêt
04. tanpa tilas = êntèk blas
05. tipis lambéné = criwis, sênêng nggunêm wóng liyâ
06. thukûl pikiré = nduwé akal
07. thukûl turuné = nduwé anak

## U

01. udan tangis = akèh sîng pãdhâ nangisi
02. ulat pêtêng = katon nêsu
03. ulat manis = sumèh
04. utang lârâ = tau nggawé laran wóng liyâ
05. utang nyawâ = tau nggawe patine wóng liyâ
06. utang pati = tau nggawe patiné wóng liyâ
07. utang wirang = tau nggawe wirangé wóng liyâ

## W

01. walang ati = sumêlang/kuwatir
02. wani mati = nékad/kêndêl bangêt
03. wani silit wêdi rai = ora wani têrang-têrangan

04. wêtêng kadit = drêmba/ora tampilan  
 05. wêtêng karèt = panganané akèh  
 06. wêdi gêtih = jirih/ora wani  
 07. wêdi kangèlan = lumuh/kêsèd

### 18. Tembung Garba

01. aglis	sâkâ tembúng : age + gêlis
02. anèng	sâkâ tembúng : ânâ + ing
03. aranèki	sâkâ tembúng : arané + ki
04. dadyawúh	sâkâ tembúng : dadi + éwuh
05. dhêmênnyar	sâkâ tembúng : dhêmên + anyar
06. duparsâ	sâkâ tembúng : dupi + ârsâ
07. jalwèstri	sâkâ tembúng : jalu + èstri
08. kadyâ	sâkâ tembúng : kadi + kâya
09. kajwarèng	sâkâ tembúng : kajuwâra + ing
10. kalokèng	sâkâ tembúng : kalokâ + ing
11. kapyarsâ	sâkâ tembúng : kapidèng + arsa
12. kalyan	sâkâ tembúng : kalih + lan
13. lagyantuk	sâkâ tembúng : lagi + antuk
14. lagyaning	sâkâ tembúng : lagi + ning
15. lêbdhèng	sâkâ tembúng : lebdhâ + ing
16. lumakèng	sâkâ tembúng : lumaku + ing
17. lumèbèng	sâkâ tembúng : lumèbu + ing
18. maharjâ	sâkâ tembúng : mâhâ + râjâ
19. maharsi	sâkâ tembúng : mâhâ + arsi
20. mahamêru	sâkâ tembúng : mâhâ + mêru
21. malebèng	sâkâ tembúng : malebu + ing
22. mungging	sâkâ tembúng : mungguh + ing
23. murbèng	sâkâ tembúng : murba + ing
24. murwèng	sâkâ tembúng : murwâ + ing
25. narendrâ	sâkâ tembúng : nâra + indra
26. narpati	sâkâ tembúng : nâra + dipati
27. narpéndah	sâkâ tembúng : nâra + éndah
28. natèng	sâkâ tembúng : nâta + ing
29. nujwari	sâkâ tembúng : nuju + an
30. praptèng	sâkâ tembúng : prapta + ing
31. prawirèng	sâkâ tembúng : prawira + ing
32. prawirotamâ	sâkâ tembúng : prawira + utamâ
33. priyagung	sâkâ tembúng : priya + agung
34. priyanggâ	sâkâ tembúng : priya + anggâ
35. ratwagung	sâkâ tembúng : ratu + agung
36. ratwelok	sâkâ tembúng : ratu + élok
37. sarotamâ	sâkâ tembúng : saru + utamâ
38. sedyarsâ	sâkâ tembúng : sedyâ + arsa
39. sinóm	sâkâ tembúng : isih + enóm



40. sirèku	sàkå tembúng : sirå + iku
41. sitinggíl	sàkå tembúng : siti + inggíl
42. sugyartå	sàkå tembúng : sugih + artå
43. sumbangsíh	sàkå tembúng : sumbang + asih
44. surendrå	sàkå tembúng : surå + indrå
45. surêng	sàkå tembúng : surå + ing
46. surendrå	sàkå tembúng : sutå + indrå
47. taksyalit	sàkå tembúng : taksih + alit
48. tankocap	sàkå tembúng : tanpå + ucap
49. tumengèng	sàkå tembúng : tumengå + ing
50. tumekèng	sàkå tembúng : tumekå + ing
51. tumekèng	sàkå tembúng : tumekå + ing
52. tumujwèng	sàkå tembúng : tumuju + ing
53. wirotåmå	sàkå tembúng : wiro + utåmå
54. yèku	saka tembung : yå + iku

### 19. Tembung Camboran Cekak

01. bangcúk	: abang + pucúk
02. bangjo	: abang + ijo
03. barbèh	: bubar + kabèh
04. barji	: bubar + siji
05. bulík	: ibu + cilík
06. cówèk	: kóncó + dhèwèk
07. déwa	: gèdhé + dåwå
08. dhégus	: gèdhé + bagús
09. dhèkmu	: èndhèk + lêmu
10. dhèkwur	: èndhèk + dhuwúr
11. dhêlik	: gèdhé + cilík
12. dhêmês	: gèdhé + lêmês
13. gowèk	: tónggó + dhèwèk
14. jiro	: siji + loro
15. jitús	: siji + satús
16. kakkóng	: tungkak + bókóng
17. kongèl	: bókóng + cêngèl
18. kosík	: mêngko + dhisík
19. kótcúk	: bóngkót + pucúk
20. kwèlêm	: kwèni + pèlêm
21. linak	: lali + anak
22. lijo	: lali + bojo
23. linggå	: lali + tånggå
24. licå	: lali + kåncå
25. lúnglít	: balúng + kulít
26. mahrêp	: mlumah + mêngkurêp
27. pakdhé	: bapåk + gèdhé
28. paklík	: bapak + cilík

29. pakpúh	: bapak + sepúh
30. pangpèl	: êpang + sêmpèl
31. pèrko	: èmpèr + toko
32. tahtêng	: mêngtah + matêng
33. tèktíng	: êntèk + nglintíng
34. tíngwé	: nglintíng + dhéwé
35. thúkmís	: bathúk + klimís
36. tutik	: mêtú + titík
37. wandhak	: dawa + cêndhak
38. wulu	: sèwu + lu

## 20. Kerata Basa

01. anak	karêp âpâ-âpâ kudu ânâ lan énak.
02. bapak	bap âpâ-âpâ pèpak
03. batur	êmbat-êmbating tutúr
04. bocah	mangan kâyâ kêbo, gawéyané ora kêcacah.
05. brêkat	didèlèh mak brêg terús diangkat
06. cangkêm	yèn ora dicancang ora mingkêm.
07. cangkír	kanggo nyancang pikir
08. cêngkír	kêncêngé pikir
09. denâwâ	ngêdên háwâ ngumbar háwâ napsu
10. désèmbêr	gêdhé-gêdhéné sumbêr
11. dongèng	dipaido ora mêngèng
12. garwâ	sigaraning nyâwâ
13. gêdhang	sagêd padhang, digêgêt bar madhang.
14. gêrang	sêgêré wis arang-arang
15. guru	kêna digugu lan ditiru
16. gusti	bagusíng ati
17. januari	hujan sabên ari
18. kaji	tekadé siji
19. kathók	diangkat sitók-sitók
20. kódhók	tekâ-tekâ ndhódhók.
21. kotang	sikute diutang
22. krikíl	kêri ing sikíl
23. kupíng	kaku njepipíng
24. kuplúk	kaku nyêmplúk
25. kursi	yên diungkúrake banjúr isi
26. ludrúk	gulune gélo-gélo, sikile gêdrúg-gêdrúg
27. malíng	njipúk amalé wóng síng ora élíng
28. mantu	diéman-émani mèksa mêtú
29. mârâtuwâ	mârâ-mârâ kêtêmu tuwâ
30. nopèmbêr	ânâ sumbêr
31. oktobêr	untúb-untubé sumbêr
32. pébruari	yèn mépé mburu ari
33. prawan	yèn pêpara (lêelungan) kudu wayah awan

34. saru	kasar lan kêliru
35. sêjarah	sêjan ngarah (yèn dinâ riâyâ/Idul Fitri)
36. sêkutêr	sambi séndhéku mlayu bantêr.
37. sêpuh	sabdané ampúh
38. simah	isiné omah
39. sinóm	isih enóm
40. sirah	isiné rah
41. siti	isiné bulu bêkti
42. sopir	yèn ngaso mampír (ing warúng).
43. sruwal	saru yèn nganti uwal
44. sulap	yèn kesusu bakal ketilap.
45. tandúr	nâtâ karo mundúr
46. tâpâ	tatane kâyâ wóng pâpâ
47. tarúb	ditâtâ supâyâ katón murúb
48. tayúb	ditâtâ supâyâ katón guyúb
49. têbu	antêbé kalbu
50. tépas	titíp napas
51. tuwâ	untune wis rowâ, ngenteni metune nyâwâ
52. wanitâ	wani ditâtâ
53. wédang	dianggo gawé kadang
54. wêdhus	suwé ora tau adús
55. wêtêng	ruwêt tur pêtêng

21. Tembung Mbangetake	
<b>A</b>	
01. abang - brèh, mbranang	07. alas gung - liwang-liwng
02. abúh - mênthêng2	08. anèh - nyruwèntèh
03. adhèm - njèkut	09. anyar - grès
04. adóh - ngaluk-ngaluk	10. anyar - kênyar-kênnyar
05. adóh - nyamut-nyamut	11. anyêp - njêjêt
06. ajúr - mêmêt, mumúr	12. asat - klêthêk
<b>B</b>	
01. babar - pisan, blas	05. bêning - nyaróng
02. banjir - bandhang	06. biru - kècu, èrêm
03. bêdhug - ndrاندhang	07. búndêr - sêr, kêplêng
04. bêning - kincling2	08. burík - cêngkrík
<b>C</b>	
01. cébol - képalang	05. cilákâ - mênçit
02. cébol - ndrórdhól	06. cilík - mênthík
03. cêdhak - nyaklêk	07. cukat - trampíl
04. cêtha - wéla-wéla	08. cukat - trêngginas
<b>E</b>	

01. êndhèk - èrèk-èrèk	04. ésúk - njêplúk
02. êndhèk - nyêmplak	05. ésuk - umun-umun
03. êntèk - blas, gusis	06. ésuk - uthuk-uthuk
<b>G</b>	
01. gagah - prakósó	04. grimís - riwis-riwis
02. garíng - kumlingking	05. gósóng - pèrêng
03. gêdhe - gómbóng	06. guyúp - rukún
<b>I</b>	
01. ijèn - kijèn	03. ilang - musná
02. ijo - royo-royo	04. irêng - njangês, thunthêng
<b>J</b>	
01. jêjêl - riyêl uyêl-uyêl	03. jêmbar - gilar-gilar
02. jêmbar - bawéra	04. jêmbar - ngilak-ngilak
<b>K</b>	
01. kaku - kêngkêng	05. kênès - mên dhês
02. kapók - kawús	06. kóthóng - blóng
03. kêbak - mÊNCêp-mÊNCêp	07. kuníng - nyêkiníng
04. kêbat - kliwat	08. kuru - akíng
<b>L</b>	
01. lêgi - anglêk, anylíng	05. lêmu - mblêgug
02. lêegi - manylêng	06. lila - lêngawá
03. lêmu - ginuk-ginuk	07. loro - sélo
04. lêmu - kimplêk-kimplêk	08. lunga - bablas
<b>M</b>	
01. malang - mégúng	05. mubêng - sêsêr
02. mêmêm - dhipêt	06. nangís - ngguguk
03. mlarat - cêmporat	07. nangís - nggriyêng
04. mlayu - ngêthiplêng	
<b>P</b>	
01. padhang - njigglang	07. pêtêng - dhêdhêt
02. padhang - ndrandhang	08. pêtêng - lêlimêngan
03. paít - nyêthak	09. picêk - nrêthêk
04. panas - jumêprèt	10. ping - kopang-kapíng
05. panas - sumêlèt	11. putih - mêmplak
06. panas - gumêmplang	
<b>R</b>	
01. ramé - gumurúh	03. rêsík - gumriníng

02. remúk - rêmpu, bubúk	04. rèwèl - gothèl
<b>S</b>	
01. sajêg - ndublêg	08. sêpi - mamring, nyênnyêt
02. sakésuk - êngkluk, jêpluk	09. siji - ndhil, thil
03. sasoré - bêndhéé, ênthé	10. sirna - gêmplang
04. sawêngi - mupút, natas	11. sugih - brèwu, ndrêbálá
05. sadiná - mupút, utúh	12. suwé - nglangut
06. sat - klèthèk	13. suwung - blúng, brúng
07. sêdhih - nglangut	

<b>22. Purwakanthi</b>
<b>Guru Swará</b>
01. Áná awan, áná pangan. 02. Ngalah, nanging olèh. 03. Sing salah, kudu sèlèh 04. Becík, ketitik, álá ketará 05. Síng wèwèh, bakal pikolèh. 06. Adigang, adigúng, adiguna. 07. Inggah-inggih, ora kêpanggih. 08. Ciri wanci, lélai gináwá mati. 09. Désá máwá càrà, negára máwá tátá. 10. Wítíng tresná, jalaran sáká kuliná. 11. Giri lungsi, jalmá tan kenáa inginá. 12. Yèn mênang, ájáa njur sewenang-wenang. 13. Áná bungah, áná susah iku wis lumrah. 14. Síng gèlêm ngalah, bakal luhur wêkasané. 15. Yèn krásá énak, ájá njur lali anak, lali bojo, lali tânggá, lali kancá.
<b>Guru Sastrá</b>
01. Tátá titi tútúg tatag, tanggung têtib. 02. Ájá dhêmen mêmada, dhatêng sapatdhaning dumadi. 03. Tabêri nastiti lan ngati-ati, mesthi bakal dadi. 04. Wóng jejodhohan kudu ngelingi : babat, bibit, bobot, bêbêt. 05. Rurúh, rèrèh, ririh ing wewarihipún, mrih rêsêpíng pàrà muyarsi. 06. Ing ngarsá sung tuládhá, ing madyá mangun karya, tutwuri handayani 07. Tartí tátá-tátá, até mêtú turút ratan, diutus tuku tahu témpé dhuwít kertas telúng atús. 08. Tindak tandúk lan tutúr kang kalantúr, katulá tulá katali, bakal kacatúr, katutúh, kapatúh pan dadi awón.

09. Sluman slumun slamet, Salamún nyemplúng kali plung slulúp slélêp slélêp olèh slèpèn isi klóbót, njumbúl bul klambine têtês blès.
10. Kâlâ kulâ kêlas kalih, kulâ kulak kalo kalih kuli-kuli kulâ, kalo kulâ kèli kilèn kulâ, kalo kula kompal kampul, kulâ kelap-kelip kâlâ-kâlâ kêlang kêling.

### 23. Wangsalan - Parikan

23. Wangsalan - Parikan	
Wangsalan	
1) Jê nang gulâ kowe âjâ lali. (jenang gulâ = glali).	
2) Ngembang garut nggrêmêng ora karuwan (kembang garut = grêmêng),	
3) Mbalúng janúr, gêlêma paring usâdâ. (balúng janúr = sâdâ).	
4) Ngembang kacang, mbêsêngut ora kalêgan. (kembang kacang = bêsêngut - dadi mbêsêngut).	
5) Sêkar arèn mas, sampún dangu kok botên kêpanggih (sêkar arèn = dangu).	
6) Kembang jambu, kêmaruk duwé dolanan anyar. (kembang jambu = karuk = dadi kêmaruk).	
7) Roníng mlinjo, sampún sayah nyuwún ngaso. (roníng mlinjo = so - dadi ngaso).	
8) Klâpâ mudhâ, yèn kalegan paringa apurâ. (klâpâ mudhâ = degan - dadi kalêgan)	
9) Kembang gêmabili sênêng-sênêng olèh rêjêki. (kembang gêmabili = sênêng).	
10) Witíng klâpâ jawâtâ ing ngarcâpâdâ. Salugune wóng mudhâ gelem rekâsâ. (witing klâpâ = glugu dadi saluguné) (Jawâtâ ing ngarcâpâdâ = wóng) .	
11) Kolik priyâ priyagung anjani putrâ. Tuhu, wóng anóm wêdi kangèlan. (kolik priyâ = manuk tuhu). (Anjani putrâ = Anóman - dadi anóm)	
Parikan	
1) Wédang bubuk, gulâ jawâ. Yèn kêpêthúk ati legâ.	
2) Sêpêt sêpêt, sawone mêntah. Diêmpêt êmpêt sêlak ora bêtah.	

- 3) Wajik klêthik gulå abang.  
Aja suthík, yèn tumandang
- 4) Gódhóng kécipír, mrambat kawat.  
Najan ora mampír, nangíng liwat.
- 5) Kêmbang jagung, dipêthik Cina.  
Barang wis kadhúng dikapakná.
- 6) Manuk êmprít, ménclóok gódhóng têbu.  
Dadi murid, sing srêgêp sinau.
- 7) Manúk kutút, manggúng nggantêr.  
Yèn ra nurút, bisa kêblingêr.
- 8) Yèn kêmbang kêmbangé kacang, dudu kêmbange pús pa  
nyidrá.  
Sih cilík dikudang-kudang, barêng gêdhe gawe rekåsa.
- 9) Yèn kêmbang kêmbangé lamtårá, dudu kêmbang wora-wari.  
Mumpúng sirå isih mudhá, sing tabêri ngati-ati
- 10) Esuk nyullng sore nyulíng, sulingé arèk Suråbåyå.  
Esuk elíng sore elíng, síng diélíng ora rumångså.
- 11) Awan-awan åjá keluyuran, åná pak mantri numpak sêkuter.  
Kapan-kapan aku kêturutan, duwe kåncå sinauné pintêr.
- 12) Ésúk nêmbang soré nêmbang, têmbangané asmåråånå.  
Esuk ngadhang soré ngadhang, síng diadhang ra tekå-tekå

#### 24. Arane Anak Kewan

	Anak :	Jênêngé :
01.	ampal	: êmbug
02.	angrang	: kroto
03.	asu	: kirik
04.	ayam (pitik)	: kuthúk
05.	babi	: gemblúk
06.	bandêng	: nêênêr
07.	banthèng	: warèng
08.	banyak	: blêngur
09.	båyå	: rété
10.	bèbèk	: mêri
11.	bêthík	: mêtêr
12.	blanak	: sêndha
13.	brati	: tongki
14.	budhêng	: kowé
15.	bulús	: kêtul
16.	cacíng	: lur
17.	cêcak	: sawiyah
18.	cèlèng	: gênjík
19.	coro	: mêtndhèt

20.	dârá	: piyík
21.	dhorang	: tampèr
22.	êmprít	: indhíl
23.	gagak	: êngkak
24.	gajah	: blêdug
25.	gangsír	: clondho
26.	garangan	: rasé
27.	garèngpúng	: drungkúk
28.	gêmak	: drigúl
29.	glathík	: cêcrèkan
30.	gundhík	: larón/rayap
31.	iwak	: béyóng
32.	jangkrík	: gèndholo
33.	jaran	: bêlo
34.	kadhal	: tobíl
35.	kakap	: caplèk
36.	kâlájengkíng	: kêtupå
37.	kancíl	: kênthi
38.	kêbo	: gudèl
39.	kêcapung	: jènthít
40.	kêmånggå	: cêriwi
41.	kêpík	: mrèki
42.	kidang	: komprèng
43.	kimar	: kèdah
44.	kinjêng	: sènggutru
45.	kinjêng dóm kintèl	: undúr-undúr
46.	kêthèk	: munyúk/kenyúng
47.	kódhók	: præcil
48.	kombang	: êngkúk
49.	konang	: êndrak
50.	krêmi	: racêk
51.	kucíng	: cêmèng
52.	kul/kéyóng	: krikík
53.	kupu	: ulêr
54.	kura	: laós
55.	kutúk	: kotèsan/koncèlan
56.	kwangwúng	: gèndhót
57.	lalêr	: sèt/singgat
58.	lamúk	: jènthík
59.	låwå	: kamprèt
60.	lélé	: jabrisan
61.	lêmút	: ugêt-ugêt
62.	lintah	: pacêt
63.	lisang	: bêlês
64.	lodan	: jèngkélong
65.	lutúng	: kényúng



66.	luwak	: kuwúk
67.	luwíng	: gónggó
68.	macan	: gógór
69.	manúk	: piyík
70.	mênjangan	: komprèng
71.	ménthók	: minthi
72.	mêrak	: uncúng
73.	nyambik	: slirá
74.	pé	: gényóng
75.	plétíng	: jaringan
76.	sapi	: pedhèt
77.	sêmbilang	: lêngêr
78.	singå	: dibal
79.	tambrå	: bókól
80.	tawón	: gånå
81.	têkèk	: cêlolo
82.	tikús	: cindhíl
83.	tóngkól	: cêngkík
84.	tumå	: kór
85.	ulå	: kisi/ucêt
86.	urang	: grago
87.	wadêr	: sriwêt
88.	wagal	: jêndhíl
89.	walang	: dhógól
90.	warak	: plêncíng
91.	wêdhús	: cêmpé
92.	wêlút	: udhèt
93.	yuyu	: bèyès